# Bhaibheri re vana

Rinokupai

# Jesu anonyaradza mananda emugungwa



Rakanyorwa na: Edward Hughes
Rakafanidzirwa na: Janie Forest
Rakatorwa na: Ruth Klassen
Rakashandurwa na: Miriam Furusa
Alastair Paterson
Rakabudiswa neve: Bible for Children
www.M1914.org

BFC
PO Box 3
Winnipeg, MB R3C 2G1
Canada

©2022 Bible for Children, Inc.
Mitero: Une mvumo yekutora nyaya iyi kana usinganotengesi chete.



Jesu nevadzidzi vake vaive mugwa pakasimuka mhepo huru.  Mhepo yakasimudza mananda mugungwa reGaririra.  Mananda erudzi urwu aigona kuparadza nekunyudza chikepe.

Mhepo huru iyi yakatyisa vadzidzi. Mananda akatenderedza igwa, mvura ichizara mukati. Asi Jesu akanga akatorara hake papiro, kurara mumhepo



huru. Vadzidzi vakamutsa Jesu, vachichema, "Tenzi, Tenzi, tava kuparara!"

"Sei muchitya, imi vekutenda kushoma?" Jesu akabvunza vadzidzi vake. Jesu wakaraira mhepo kuti imire kuvhuvhuta … uye Jesu akarairazve mananda ane simba kuti arare pasi anyarare …



MHEPO YAKAMIRA ... GUNGWA RAKANYARARA KUKAVA NERUNYARARO. Vadzidzi vakayemura, vakati, “Ungava ani uyu, anoteererwa chero nemhepo negungwa!”





Papfuura imwe nguva Jesu akaita zuva raaive akawandirwa nezvekuita. Vanhu vanopfuura zviuru mashanu vakamuteera kune imwe nzvimbo yaisashandiswa.

Nesimba raMwari, Jesu akapa kudya
kuvanhu ava vose achishandisa chikafu
chemasikati chekamwe kakomana.
Ainge ava madeuka zuva, Jesu
akati vanhu vose
vaende kudzimba.



Chero vadzidzi vaifanira kuenda. Jesu akavati vapinde muchikepe vatungamire nekune rimwe divi regungwa re Gariria.





Paakange ati
vanhu vese
vaende, Jesu
akakwira
mugomo ari ega
kuti anamate,
pakazovira zuva
akange ari ega.



Vari kunze uko mumvura, vadzidzi vakasangana nemhepo huru. Mhepo iyi yaivatadzisa ku yambuka mvura, chero vainge vaine nguva vachiedza kuyambuka. Vadzidzi vaisazviziva asi vaiva pedyo nekuzo-shamisika kukuru!



Pakati penguva yetatu neyetanhatu mangwanani, pakati pemvura izere mananda, vadzidzi vakaona chimwe chinhu chakavatyisa. “Chipoko!” vakadaidzira nekutya. Asi aiva Jesu, Ishe anova Tenzi wavo, aiuya kwavari, ACHIFAMBA PAMUSORO PEMVURA.

"Ivai nemufaro!" Jesu akadana kwavari. "Ndini, musatya." Peter akapindura akati, "Ishe, kana murimi ndirairei ndiuye kwamuri pamusoro pemvura." Jesu akati, "Huya." Nekusatya, Peter akabuda muchikepe akaenda pamusoro pemvura akananga kuna Jesu.





Asi paakaona
mhepo ichishinyira,
Peter akatya
akatanga kunyura.
Akadaidzira,
“Ishe, ndiponesei!”

Ipapo ipapo Jesu akatambanudza
ruoko rwake akabata Peter.
“Iwe wekutenda kushoma,
sei usina kuva nekutenda?”



Ipapo vose vaiva mugwa vakauya vakanamata Jesu, vachiti, “Chokwadi muri mwanakomana waMwari.”



Jesu anonyaradza mananda emugungwa

Nyaya yeshoko raMwari, Bhaiberi

Inowanikwa muna

Mateo 8, Mateo 14,
Marko 4, Ruka 8

"Mazwi enyu anotipa kuchena."
Mapisarema 119:130

# Magumo

48

60

Nyaya dze mu Bhaibheri dzinotiwudza zvekushamisa kwaMwari Musiki wedu uyo anoda kuti umuzive.

Mwari anoziva kuti tese takaita zvakaipa, izvo zvaanoti zvitema. Mubairo wechitema ndirwo rufu, asi Mwari anokuda kwazvo, akatuma mwana wake, Jesu, kukufira pamuchinjikwa uye akatambudziwa nemhaka yako. Jesu akafa akumuka, akadzokera kumusha kudenga! Kana uchitenda muna Jesu uye ukakumbira kuregererwa anokuregerera zvitema zvako, Anokuregerera! Achauya kuzogara mumoyo mako. Achagara mauri. newe ugogara maari mazuva namazuva.

Kana uchitenda kuti ichi ichokwadi, taura kuna Mwari uchiti Mudiwa Jesu, ndinotenda kuti ndimi Mwari, uye makauya semunhu panyika kuzofira zvitema zvangu, uye murikurarama. Huyai mumoyo mangu mundiregere zvitema zvangu, kuti ndive heupenyu hutsva, uye nerimwe zuva ndigogara nemi nekusingaperi. Ndibatsirei kuti ndikuteerereyi, ndirarame semwana wenyu. Ameni.

Verengayi Bhaibheri nekutaura ne Mwari mazuva ese. Johane 3:16